ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM

2 январь 2025 год № 1 (569)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

...я считаю что эта газета должна быть

4.05.2004.

А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

ВАЙН ЭВЛАЙААШ

## КИШИН КУНТА-ХЬАЬЖА

## *(Кишин воІ Мубарик-Хьаьжа)*

Хьаьжа (Кишин Кунта-Хьаьжа) дуьненчу ваьлла хІинца Гуьмсан кІоштарчу Иласхан-Йуьртахь, мурдаша дийцарехь 1812-чу шарахь. Хьаьжин ден цІе Киша хилла, ненан цІе Хеда хилла. Ши хІусамнана хилла Хьаьжин, Седа а, Жансари а цІераш йолуш. Бераш: Махьма, Мовла, Эсет, Субар цІераш йолуш, уггаре а жимахверг Хизир хилла.

Шайн устазан Кунта-Хьаьжин леерам беш, цуьнан цІе ца йоккху муридаша. Делан Вели, Элчанан верас, Хьаьжа, Кишин Хьаьжа олу.

Дукха жима волуш дуьйна цхьацца кошфаллех хІуманаш гучудуьйлуш хилла цуьнгара. Берашца ловзар кІезиг хилла. Ша а волий, шайн тхов тІехь, Дела хьехош, «ЛА ИЛАХІА ИЛЛАЛЛАХІ» бохуш, гонаш а дохуш, чІогІа зуькар деш хилла. Цул хьалха чІогІа зуькар нохчашна йукъахь хилла а дац.

Шен 18-19 шо кхаьчча, деца Кишица ХьаьжцІа вахана иза. Вайн махка къадарин тІарикъат деанарг Хьаьжа ву. Оцу заманахь оьрсашца тІом хилла ДегІастанахь, имам Шемал коьртахь а волуш. ЧІогІа, адамаш кхоа ца деш, буьрса хилла цуьнан Іедал. Шена уллехь болчу бусалба нахаца цхьаьна зуькар дан долийна Хьаьжас. Наха сиха тІелоцуш хилла и. Шена тІаьхьара нах йухабовларна кхеравеллачу Шемала Хьаьжа шена тІе кхайкхина. Хьаьжин некъ къобал ца бинчу Шемала зуькарш дар, и некъ нахана йукъахь баржор дихкина цунна. Цул тІаьхьа Хьаьжа Іаьрбийн махка дІавахана. Амма вайн махкана сагатдеш хилла цо. Муридаша сатуьйсуш хилла цуьнга. ДІа а, схьа а воьдуш, цхьа зама йаьккхина цо. ХІетахь машенаш а ца хилла. Оццул гена некъ гІаш беш хилла вайн устаза. И дерриге а дан ницкъ кхаьчна цуьнан, Дела везар а, шен халкъ дезар а шегахь долу дела.

1859-чу шарахь имам Шемал оьрсийн Іедална каравахана. Цул тІаьхьа



вайн махка йухавирзира Кишин воІ – Мубарик-Хьаьжа. Иттаннаш шерашкахь тІамехь хьийзийначу нохчаша чІогІа везаш тІеэцна къинхетаме волу Хьаьжа. Цунна хаьара адамийн дегнаш хьаста. ОьгІазло дІайаьккхина, собаре хиларе кхойкхура цо муридашка. Керста толар а, нохчийн, гІалгІайн халкъашна тІехь цо олалла хІоттор а Делан кхиэл лелар ду, бохура цо. Вайнахана хьовха, ж1айхошна а тайнера и хьекъале хьехамаш. Цундела Хьаьжин вирд тІеоьцучу муридийн тобанаш йуьйлайелира Дагестанан йарташкахь а. Хьекъал долуш, майра, къинхетаме вара Хьаьжа. Халкъана тешаме стаг вара иза. Къуръано хьоьху Іилма девзаш, нах меттахІитто кхетам болуш вара.

Адамийн дегнаш паргІатдохуш, дика хьехамаш бора Хьаьжас. Шайн устазе лерина ладугІура цара. Йух-йуха, кІорда ца деш, Хьаьжин хІусаме гуллора уьш.

«Къинхетам безаш хилалаш. Мел хала хиларх а, балхах ма кхералаш. Шен къинхьегамца вехаш воцург кхечеран къинхьегамах вехаш ву шуна. Иза къилахь ду. Баьпкан хІора цуьрган хама белаш, пусар делаш. ХІунда аьлча оцу цуьрго олхазар а, зингат а дузор ду. ТІаккха АллахІа кхоьллина са кІелхьара ма доккху ахь. И воцчун, кхин цхьаннан а ницкъ кхочур ма бацара чохь са долу уггаре а жима хІума кхолла», – бохуш, дуьйцура Хьаьжас.

Хьаьжин хьехамаш къобалбарца йукъара дІаделира томка озар, вахош долу маларш мийлар. Стамйала йолайелира къадарин тІарикъа-техь зуькарш деш йолу муридийн тобанаш. Нахана оццул пайден волу устаз Кунта-Хьаьжа Іедало дІалецира. Амма вайца цуьнан хьехамаш бисина. Цуьнан гІуллакхаш дисина.

1864-чу шеран кхолламан беттан 3-чу дийнахь паччахьан Іедало дІалецира Хьаьжа. ХІора шарахь оцу дийнахь вайн махкахь сагІанаш доху муридаша.

Иласхан-Йуьртахь, Хьаьжа Іийначу кертахь, хІинца а долуш ду и чохь ваьхна цІа. Бусалба динан йезачу хенашкахь дуккха а муридаш хуьлу цигахь. Деле доІанаш до цара, дехарш до. Доггах дехначунна Дала жоп а ло.

Ша йукъара дІавалале, муридашна тІедехкира Хьаьжас хІора парз-ламазана тІаьхьа вирд даккхар.

Дала къобалдойла хІораннан ламазаш, марханаш, вирдаш, йерриге а Іамалш!

Дала и Хьаьжа а, берриге эвлайааш а безар, уьш ларар лойла вайна!

*М. Заурбеков*

## КУНТА-ХЬАЬЖИН ХЬЕХАМАШ

## *(Дала къайле цІинйойла цуьнан)*

Шайн вежарех цхьа а меца, шийла аьшнашвина ма виталаш. Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) баьхна Лекхаволчунна уггаре а деза совгІат ду ахь хьайн кІеззиг йолчух оьшучунна дІайелларг. Вайн тІарикъатехь волу ваша паргІат Іойла дац шен ваша гайгІанехь а волуш. Шуна хаа деза шайн лазамца, бохамца шу цхьана дуьсур доций. Маьрша, синтеме тешна долчу синойн бен ницкъ кхочур бац тІарикъатах кхета, валлалц цу чохь волуш ваха.

Бусалбанаш! Вовшийн дезалаш. Вовшашна гІо делаш. Баккъал а вовшийн вежарий хилалаш. Вайн массеран дегнашкахь тешар хилчий бен вайх баккъал а тешаш дерш ца хуьлу шуна, моттаргІа хуьлу шуна. Цхьана а хІуманан йа седанийн шийлачу стигланан, йа дийнатан, Дала кхетам белла доцчу цхьана а хІуманан таро йац адамийн санна ийманан ойла шайн дегнашкахь чІагІйан. Лекхаверг шайн дегнашкахь ойланашкахь лехалаш. Иза шайн дегнашкахь карийчий бен Иза хезар вац шуна, тІакккий бен шун тарикъат (некъ) къобал а дийр дац Цо.

Лекхаволчунна деза шуна мурдо диканиг деш хан йаккхар. Некъаш, тІайш тодар, шовданаш цІандар, куьце далор, некъийн йистошца дитташ кхиор, маьждигаш дар. Мурдана тІехь ду цомгашчунна тІехІоттар, цуьнга хьажа вахар, къаношна, буоберашна, гІийлачарна хІун оьшу хьажар, царна шайн ницкъ кхочу гІо дар. Мурдан декхар ду довдаьллачу майрачун а, зудчун а барт бар, нана шен берех дІатохар дІасакъаьстина доьзал цхьаьнатохар. Уьш а ду Далла дукха дезаш долу гІуллакхаш.

Ламазаш деш, кхийолу Іамалш йеш йаккхалаш дукхах йолу хан. Лекхаволчо Шен тидамза ца вуьту ламазехь верг. Ламазаша шун синош цІандо, шун дегнашкахь диканан зІийдигаш кхиайо, аьхкенан догІанаша аренца бецаш санна. Ламазаш вайн синош вай Кхоьллинчух хуттуш долу тІай ду. Вай цунах кест-кеста хоттадаларе терра чагІло вайн сатийсам, вайн тІарикъат - вай динехь нисдалар.

## КУНТА-ХЬАЬЖИН ВИРД

## *(Кишин Хьаьжин)*

### ХЬАЛХАРА ВИРД

ХІора фарз-ламазана тІаьхьа:

– 15-зза астагІфируллахІ эр ду:

– 100-зза ла илахІа иллаллахІ эр ду;

– 4-зза вайн Пайхамарна салават дуьллур ду.

*Мел ишттта дІакхайкхор бу:*

«Айса динчу І00 зуькаран мел а, вайн пайхамарна диллинчу салаватан мел а Делан Элчанна Мухьаммад пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана Хьаьжина бели ас, Элчанан асхьабашна а, шайхашна а, эвлайаашна а бели ас. Дала кхачабойла цаьрга иза», – аьлла салават а диллина, «фатихьат» доьшуш, доІа дийр ду.

### ШОЛГІА СУННАТ ВИРД

Дала Шен Къуръана чохь аьлла: «Шена а шукар де, шайн дений-нанний а шукар де, Шена аш деш долу шукар Ша къобалдийр долуш ма вац шуна, нагахь шайн дений-нанний шу шукар деш дацахь».

Цу тІе а доьгІна, Къуръанан айатехь билгал ма-даккхара, устаза шайн дений-нанний вирд даккхийша аьлла.

*ШолгІа вирд ишттта ду:*

100-зза ла илахІа иллаллахІ эр ду, бІозлагІа аьлла ваьлча, «Мухьаммадур-РасуллахІ» тІе а тоьхна, мел дІакхайкхор бу ишттта:

«Айса динчу бІе зуькаран мел Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана Хьаьжина а бели ас, сайн дений-нанний а бели ас, сайн устазан Хьаьжин дений-нанний а бели ас. Дала кхачабойла цаьрга иза», аьлла «Фатихьат» доьшуш, доІа дийр ду.

И шолгІа вирд ду устаза Хьаьжас шен муридашна тІедиллина. Къинхетаме волчу Дала цу тІехь нис а делла, дІадахар лойла вайна. Амин!

Вальхьамду лиллаллахІи Раббил-Іаламийн.

*Х.-А.-Х. Кадыров*

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

## 2-гІа агІо

### АЛЛАХІАНА ІИБАДАТ ДАРЕ КХОЙКХУ МУХЬАММАДА

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

«Хьекъале дара, цхьаъ волчу АллахІана Іибадат де, цхьа а хІума хезаш а, йа гуш а доцу суьрташ, тІулгаш дІатаса бохуш, кхайкхам цІеххьана цабар. Йуьхьанца кхайкхам къайлах бара, цул тІаьхьа Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уггаре гергарчу нахана йукъахь бара, цул тІаьхьа - гуш-хезаш Іаьрбашка а, массо нахе а бара. Йуьхьанца бакъдин Ислам кхайкхор къайлах дара, оцу хенахь Іаьрбашна дагахь доццург иза долу дела. Церан дайша а, дедайша а лелийна харц дин дІатаса бохург, цІеххьана хезча, ловр дацара цара. Шайна марзделларг дитий, бакъдин Ислам тІеэца аьлча, реза а хир бацара уьш. Іадатех чІагІделла хІума дитийта атта дац. Цкъа хьалха нах кечбина, уьш тешийначул тІаьхьа бен. Делера салават а, салам а хиларо йуьхьанца дин дуьйцуш дацара шена тешаме волчуьнга бен. МустІафа ша ма ву уггаре а хьалха ийман диллинарг (АллахІ Делах тешнарг), Дала шега доссийна китаб (Къуръан) бакъдинарг. Зударшлахь хьалха ийман диллинарг, цо мел олу дош бакъдина йолу Хадижат йу, халонашкахь цунна даима гІо деш лаьттина йолу. Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ца дезаш долу хІума шена хезча, и сингаттам дІабоккхуш, цунна дуьхьал болчу нехан балех шен ницкъ ма-кхоччу, иза къелхьарвоккхуш хилла йолу. Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ламаз эцар а, ламаз дар а Іамош Жабраил-Малик дара (Делера салам хуьлда цаьршинна), тІаккха Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийрриг дан Іемаш Хадижат а йара. Мухьаммадан девешин кІант Іали схьавеъча, цунна гира и шиъ ламаз деш. Цо элира: «ХІара хІун ду ашшимма дийриг?» Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира тІаккха: «АллахІан дин ду хІара, Цо шен Элчанашка нахе дІакхайкхадайта даийтина долу...»

## 3-гІа агІо

### АБУ ДАРДААХ ЛАЬЦНА

*(Дела реза хуьлда цунна!)*




«Абу Дардаъ (Дела реза хуьлда цунна) Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллерчу накъостех ву. Цуьнан шиъ хІусамнана хилла: йоккха Умму Дардаъ, жима Умму Дардаъ.

Йокхха Умму Дардаъ Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь хилла йу, сахьабех а йолуш. Ткъа жима Умму Дардаъ хьалхарниг дІакхелхинчул тІаьхьа йалийна, табиІинех нислуш йу.

Абу Дардаъ сахьабашна йуккъехь а Іилма Іаморца а, оцу Іилманца Іамал, Іибадат дарца а билгалваьлла хилла, дуьне дІатасарехь а, Деле верзарехь а. Къуръан дагахь а Іамийна, иза дика хууш хиларца гІараваьлла хилла а ву. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен умматехь говза, хьекъале, кхетаме, хьикмате верг ву аьлла хастийначех а ву Абу Дардаъ.

Абу Дардаъ цхьаболчу Іеламнаха Бадр гІазот долчу дийнахь бусалба дине веана олу, цхьаболчара жимма тІаьхьо веана а олу. Ансарех уггаре а тІаьхьа дине веанарг ву а олу цхьаболчу Іеламнаха.

Абу Дардаъ ислам дине вале цІушна (жІарашна) Іибадат деш хилла.

Цхьана дийнахь Абу Дардаан нанас кхечанхьа вина ваша веана хилла хІара волчу, шеца Мухьаммад бин Маслам а валош. Оцу хІусамехь дела ву аьлла дІахІоттийна йолу хІуьппІалг (жІар) кагйина, йоха а йой, дІавоьду Абу Дардаан ваша...»

## 4-гІа агІо

### ЛАМАЗАН ХЕНАШ

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# АЛЛАХIАНА IИБАДАТ ДАРЕ КХОЙКХУ МУХЬАММАДА

## *(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

Хьекъале дара, цхьаъ волчу АллахIана Iибадат де, цхьа а хIума хезаш а, йа гуш а доцу суьрташ, тIулгаш дIатаса бохуш, кхайкхам цIеххьана цабар. Йуьхьанца кхайкхам къайлах бара, цул тIаьхьа Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уггаре гергарчу нахана йукъахь бара, цул тIаьхьа - гуш-хезаш Iаьрбашка а, массо нахе а бара. Йуьхьанца бакъдин Ислам кхайкхор къайлах дара, оцу хенахь Iаьрбашна дагахь доццург иза долу дела. Церан дайша а, дедайша а лелийна харц дин дIатаса бохург, цIеххьана хезча, ловр дацара цара. Шайна марзделларг дитий, бакъдин Ислам тIеэца аьлча, реза а хир бацара уьш. Iадатехь чIагIделла хIума дитийта атта дац. Цкъа хьалха нах кечбина, уьш тешийначул тIаьхьа бен. Делера салават а, салам а хиларо йуьхьанца дин дуьйцуш дацара шена тешаме волчуьнга бен. МустIафа шама ву уггаре а хьалха ийман диллинарг (АллахI Делах тешнарг), Дала шега доссийна китаб (Къуръан) бакъдинарг. Зударшлахь хьалха ийман диллинарг, цо мел олу дош бакъдина йолу Хадижат йу, халонашкахь цунна даима гIо деш лаьттина йолу. Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ца дезаш долу хIума шена хезча, и сингаттам дIабоккхуш, цунна дуьхьал болчу нехан балех шен ницкъ ма-кхоччу, иза къелхьарвоккхуш хилла йолу. Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ламаз эцар а, ламаз дар а Iамош Жабраил-Малик дара (Делера салам хуьлда цаьршинна), тIаккха Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийрриг дан Iемаш Хадижат а йара. Мухьаммадан девешин кIант Iали схьавеъча, цунна гира и шиъ ламаз деш. Цо элира: «ХIара хIун ду ашшимма дийриг?» Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира тIаккха: «АллахIан дин ду хIара, Цо шен Элчанашка нахе дIакхайкхадайта дайтина долу.

Шеца накъост воцуш, цхьаъ волчу Далла гIуллакх дехьа ахь а», - аьлла. Iалис а ийман диллира тIаккха. Оцу хенахь цуьнан шийтта шо дара. Iалис ша жима волуш ийман диллина дела, цкъа а йина йац суьрташна Iамал, цундела бусалбанаша иза хьахийча, «КаррамаллахIу важхIахIу» (Дала сий дойла цуьнан) олу. Берашлахь уггаре хьалха ийман диллинарг иза ву. ТIаккха Хьарисатан кIанта Зайдас ийман диллира. Делера салават а, салам а хиларо лай волчуьра маршаваьккхина, цул тIаьхьа шен кIант ву аьлларг ву иза. Элчанан нана йелча, иза кхаьбна йолу Умму-Айман йу царел тIаьхьа ийман диллинарг.

Абу-Бакр Сиддикъа ийман диллар

Маьршачу нахах уггаре а хьалха ийман диллина боьрша стаг Абу-Бакр Сиддикъ ву. Дала Мухьаммаде пайхамаралла дадале а цуьнан доттагI хилла волу, цуьнан хаза гIиллакхаш девзаш, дIа мел олучу дашехь иза бакълуьйш хилар хууш волу. Абу-Бакра ийман диллар бусалба динна чIогIа пайдехь дара. Къурайшин нахана йуккъехь иза цIейаххана стаг а, лоруш тхьамда а, хьолада а, сий, хаза гIиллакхаш долуш, мискачу нахаца дика а, комаьрша а хиларна. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена дуьхьалкхетча, Абу-Бакра хьаттира цуьнга: «Къурайшийн наха ахь тхан суьртийн деланаш къобал ца бо бохуш, ма хезна суна, бакъдуй иза?» Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) жоп делира: «ХIаъ. Со АллахIан Элча а, цуьнан Пайхамар а ву. Цо Шен омра кхочушдан хаьржина. ХIай, Абу-Бакр, ас хьо а кхойкху Шен накъост воцуш, Ша цхьаъ волчу АллахIана Iибадат даре». Абу-Бакра сихо йира Дела цхьаъ ван, Цуьнан Элча бакъван а. Цо элира: «Сайн дел а, ненал а везох ву-кха хьо суна. Бакъван хьакъ ву-кха хьо. Ас дог тешна, тоьшалла до, АллахI воцург кхин Дела цахиларца а, хьо АллахIан Элча хиларца». Абу-Бакр Элчанан вазиран метта хилира, Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цунах массо хIуманна тIехь дагаволуш. Къурайшийн тайпанан наха ийман мел диллинчаьрца мостагIалла лаьцнера. Царна зенаш а дора цара. Элчанца шайна мел гинарг, цуьнца къамел динарг, цуьнца охьахиънарг ца везара царна. ХIетте а, Абу-Бакр Сиддикъа ша ийман диллича, шен дин гучудаьккхира, шен доттагIашка цхьаъ волчу АллахIана Iибадат даре а кхайкхира.



Шен къомана дукхавезаш стаг вара иза, оьзда лелар долуш. Шайн къурайшийн нахана дика дерг, вон дерг массарел дика хууш вара иза. Тешаме а, хьекъале а, хьанал махлелорхо а вара. Шех тешаш мел верг а, ша волчу вогIуш, шеца цхьаьна мажлисехь охьахууш мел верг дине кхайкхира цо. Иза бахьана долуш, къурайшийн берхIитта тхьамдано нийса дин тIеийцира. Абу-Бакр цхьаьна а волуш, Элчанна тIебахнера уьш. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Ислам довзийтира царна, деза-сийлахь долчу Къуръанан айаташ дийшира. Ислам бакъдин хилар а хаийтира. ТIаккха цара дин тIеийцира, ламазаш дира. Ийман диллинчех хьалхарнаш бу уьш. Царех хIора а къурайшийн тайпанах цIейаххана болчу нехан хьалхара стаг а вара, шайна йукъахь дин довзуьйтуш, иза лардеш, цуьнга нах кхойкхуш. И тоба, бусалба дин шеца дIадоладелла, оцу динан тIум йу. Царех тера хила, наха цаьрца ийман диллар тамаша а бацара.

Гуш, хезаш дин кхайкхор

АллахIа Шен Пайхамаре омра дира, гуш-хезаш (аз айдеш) дIакхайкхаде нахана бакъдин Ислам, аьлла. Дала аьлла: «Гучохь дIакхайкхаде хьайга омра динарг, (Делаца) накъост лоцучарех дIаверза» (Къуръан, I5 сурат, 94 айат) (Хьайн дин гучудаккха, гуш-хезаш дIакхайкхаде, Делаца накъост лаьцнарш тергал ца беш, бохург ду иза). Делан омранна муьтIахь хилла, йуьхь-дуьхьала, гуш-хезаш дин кхайкхо хIоьттира Делан Элча (соллаллохIу IалайхIи ва саллама). ТIаккха Дала омра дира, хьайн доьзална тIера, хьайн гергарчу нахана тIера дIаволало, аьлла. Дала аьлла: «Ахь хьехам бе (кхерам таса) хьайна йуххера гергарчаьрга. КIеда-мерза хила муъмин нахах хьайна тIаьхьахIиттинчаьрца. Цара хьуна Iесалла йахь, ахь ала: «Со цIена ву-кх аш дечух» (Къуръан, 26 сурат, 2I4-2I6 айат). ХIара айаташ шега доьссича, Делан Элча дин кхайкхо вуьйлира шен гергарчарна йукъахь. Цара тIегулбелла элира цуьнга: «ХIун боху ахь?» - аьлла. Сафа бохучу лома тIе ваьлла, элира цо: «ХIокху лома тIехьа, шуна тIелата кечбелла дошлой бу аьлча, тешар дарий шу сох?» Цара элира: «ХIаъ, тхо тешар дара хьох, цкъа а хьо харцлуьйш тхуна ца хезна дела». ТIаккха цо элира (IалайхIис-солату вас-салам): «Баккъал а со Дала ваийтина ма ву шуна, шуна чIогIа Iазап ца хилийта, шу лардан».

Абу-лахIаба элира: «ТIепаза дайла хьуна хIара де. Иза дийца гулдина ахь тхо?» Лекха волчу АллахIа доссийра тIаккха: «ХIаллакьхили Абу-лахIабан ши куьг, ша а хIаллакьхили иза. КIелхьара ца ваьккхи иза цуьнан хьоло а, цо гулдинчо а. Вогур ву иза алу йолчу цIергахь, цуьнан зуда а (йогур йу цIергахь) дечиг кхоьхьург. Шен логах болуш хурманан диттан хьесан муш» (Къуръан, III сурат, I-5 айат). Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) чIогIа мостагI хилла дуьхьалваьлла цуьнан деваша вара Абу-лахIаб. Оцу Абу-лахIабан зуда Умму-Жамиль а йара Элчанна дуьхьал. Цул тIаьхьа Делера салават а, салам а хиларг бакъдин Ислам кхайкхо вуьйлира дийнахь а, буса а, къайлах а, гуш-хезаш а, цхьа а дуьхьало тергал ца йеш, цхьаьнгга а сацалур воцуш, нах бол-болчу дIавоьдуш. Шена дуьхьал мел кхеттарг бакъдине кхойкхура, цхьа а къестамаш ца беш: лай велахь а, маьрша велахь а, ницкъ болуш велахь а, гIийла велахь а, хьал долуш велахь а, къен-миска велахь а, гергара велахь а, хийра велахь а. Оцу хIумнаш тIехь дерриге а халкъ цхьабосса нийса дара цунна.

Къурайшийн наха Элчанна дуьхьалонаш йар

Шайн ницкъ ма-кхоччу Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуьхьалонаш йеш бара къурайшийн нах, шайн ницкъ ма-кхоччу зенаш деш а бара. Цунах къахеташ, цуьнгахьа гIодоккхуш, иза ларвеш цуьнан деваша Абу-ТIалиб а вара. Шен гергарчу нахах цунна дуьхьалваьлларг деваша Абу-лахIаб бен кхин цхьа а вацара. Уггаре воккха мостагI иза вара. Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) АллахIан омра - Пайхамаралла кхочушдеш вара, шена йеш йолу дуьхалонаш а, деш долу зенаш а тергал ца деш. Нах Исламе кхойкхуш вара иза, шен дикачу кхетамца, чIогIачу ийманца. Оцу кхайкхамах иза йухатоха хIокху Iаламехь цхьа а ницкъ хир боцуш. Массо тайпа новкъарлонаш, зенаш дора цунна, хIетте а, собаре вара иза оццул чIогIа дуьхьалбевллачу мостагIашца, Дала шена толам баллалц. Веза-Сийлахь волчо аьлла Шен дашехь: «Аш Далла гIо дахь (цуьнан динна а, цуьнан Элчанна а), Цо шуна а гIо дийр ду, шун ког чIагIбийр бу (шу чIагIдийр ду)» (Къуръан, 47 сурат, 7 айат).

Хастам Далла бу, цуьнгара къинхетам а, маршо а хуьлда шел тIаьхьа кхин Пайхамар хир воцчунна.

*С. Муртазаев*

# IАВДИН IЕЛИН ДИЙЦАРШ

## *(Дахарера бакъдерш)*

Митаев Iелина тIаьхьа баьзначара, иза вевзинчара дийцина:

**«Къилбаседа Кавказехь большевикаша уггаре а хьалха хIаллаквинчарах Митаев Iела хиларехь тамаша бан цхьа а хIума дац. Шен нуьцкъалчу заманхойл цхьа корта лекха вара иза. Уьш цхьана муьран нах бара, ткъа иза - доьналла, стогалла йара».** (Г.А. Ерещенко, историн Iилманийн кандидат, Нохчийн Республикин НИИ-н Гуманитарни Iилманийн лакхара Iилманан белхахо, 1992 ш.)

**«Цунна йуххехь хьалакхиъна волчу суна иза туьйранера турпалхо хетара».** (Веданан кIоштарчу Тевзинарчу вахархочо, 106 шо долу Хугуев Эдала 1991-чу шарахь аьлла дешнаш).

**«Иза гучуваьлча, маттана говза верг толкха лелхара, хьекъална ира верг шен хьекъалх вухура, ткъа цуьнан мостагIий - цуьнца къамеле бевлча, шайн кураллех бухура. Иштта вара сан доттагI - Iела!»** (ХутIа, Митаев Iелин накъост, Эвтарарчу Ахьмар-Хьаьжин кIант, 1987 шо).

**«Айса мел дешначу сийлахьчу Каламех (дуй буу ас) чIагIо йо ас, и ший а - Iавда а, Iела а - эвлайааш, Делан цIена эвлайааш ма бу».** (Шелара Сайдулхан Хьамид, Iеламстаг, Кунта-Хьаьжин мурид).

**«Граждански тIеман цIе Нохчийчоьнах хьарча гергайаханчу хенахь Митаев Iела шен бIонца Теркан аьтту бердайистехь чIагIо хилла лаьттира. Иза цигахь лаьттинчу 9 баттахь гIалагIазкхийн цхьа а дIаьндарг ца йеара аьтту бердайисте».** (Ахметханов Мухьади, Теркан кIоштарчу Лаха-Неврера вахархо, Хантиев Кана-Шайхан кIентан Iабдурахьиман кIант).

**«Iела саннарш кхин бац, йа хир а бац. Ткъес санна стаг вара и! Цунна хаьара советийн Iедал муха хир ду, хаьара нохчийн халкъо мел йаккхий халонаш Iовшур йу, хаьара мел баккхий бохамаш ловр бу. Цо оцу хьокъехь дерг даррехь, йуьхьа дуьххьал, цхьа а хIума лечкъа а ца деш, дIа а олура. И дан ваьхьаш хилларг ши стаг бен вацара: Турпал-Iела а, Iавдин Iела а».** (1923-чу шеран кхолламан беттан I6-чу дийнахь Хьалха-МартантIехь съездехь къамел динчу Митаев Iелин хьокъехь оцу гуламан дакъалацархочун Курчалойн-Эвларчу 90 шо кхаьчначу Хуцуруев Висхьаьжин дешнаш (1991 ш.).

**«Митаев Iелас цхьа топ ца кхуссуш йаьккхира пачхьан Веданахь а, Шуьйтахь а хилла йолу гIаьпнаш. Ламанхоша йохийна хилла Воздвиженски гIап санна йохорна кхоьруш, оьрсийн командованис цунна дIайелира Россин Империн лаьмнашкара и ши (форпост) чIагIо. ХIара хьанал а, цIена а хилар, нийсо а, бакъо а ларйеш хилар хууш болчу оьрсийн къеначу эпсарша шайн кхоллам цунах тешийра. Iелас шех хилла тешам ларбира. Цо царна таро йелира паргIат Нохчийчуьра арабовла. Иза тоьшалла ду нохчашна йукъахь хилла ца Iаш, паччахьан гIуллакххошна йукъахь а цуьнан боккха сий-ларам хилла хиларна. Мел хIуъа дийцича а церан мостагI ма вара хIара».** (В.Х. Акаев).

**«..ХIокху дуьненара доцу хIуманаш шеца долуш вара иза»,** Коренев Дмитрий Степанович, Теркан областан «Халкъан Iедал» газетан редактор. ДIайаздина историкаца Натаев Сайпуддица цуьнан хиллачу къамелан цхьа дакъа).

**«Нохчийн нанас кхин вийр вац ишта кIант».** (Васильев, Соьлжа-ГIалин вахархо, дIайаздина Митаев Iела дика вевзаш хилла волчу, МитаевгIеран невцо Латыров Арс-Iелас дийцарца).

**«Советийн Iедал дIахIотточу шерашкахь вайнехан махкахь уггаре а бIаьрла динан а, политикин а гIуллакххо хилла Шайх Митаев Iела. Меттан говзанча, патриот, хьикмате, оьзда, гIиллакхе, йахьйуьхь йолуш, хьанал, цIена стаг хилла иза».** (Гапураев Хьасан, журналист).

Iавде хьаьттина:

- Iавда, нехан вовшашца хьаьгIнаш хуьлу, эвлайаийн хуьлий-те иштта вовшашца хьаьгIнаш? - аьлла.



*М. Заурбеков*

# ВСЕ В НАШЕЙ ЖИЗНИ УЖЕ ПРЕДОПРЕДЕЛЕНО?

Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Поистине, никогда не познаешь вкус истинного имана, пока не узнаешь, что поистине, то, что постигло тебя, не могло миновать тебя, и то, что миновало тебя, не могло постичь тебя».

Одним из самых важных аспектов в нашей религии является вера в предопределение – кадар. Что значит кадар, и где баланс между запланированным и действием?

То, что предопределено Аллахом, не может быть отклонено, это случится, несмотря ни на что. Аллах установил, что некоторые вещи могут по Его позволению могут быть изменены. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Ничто не может изменить божественное предопределение, кроме дуа». В другом хадисе сказано: «Не помогает осторожность от предопределения. Дуа полезно от того, что случилось, и от того, что не случилось. Если приходит горе, его встречает дуа, и они в схватке до Судного дня».

«Не постигает [кого-либо] беда, кроме как по дозволению Аллаха (Бога, Господа). Кто уверует в Аллаха (Бога, Господа), сердце того Он [Творец всего сущего] наставит на верный путь [человек начнет понимать суть происходящего, анализировать события и явления, не будет отчаиваться, зная, что постигшие его трудности или беды разрешимы по милости и щедрости Творца]. Аллах (Бог, Господь) ведает обо всем» (Св. Коран, 64:11).

Но мы не знаем предопределения Аллаха и того, что может быть изменено. Мы предстанем к ответу о наших обязанностях. Аллах учит нас этому посредством примера Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Курайшиты пытались напасть на Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), но не смогли, так как он (да благословит его Аллах и приветствует) смог спастись по воле Аллаха. Во всем план Аллаха, и Аллах предопределил пророку спастись, и он благополучно сбежал в Медину.

«Предопределение» основано на всезнании Творца. Его знание и осведомленность не ограничены временем и местом. Все происходящее совершается под Его контролем, но в соответствии с личными намерениями и желаниями творений Его. Вера заключается в подчинении Аллаху, которое заключается в принятии предначертанного Им. Только Аллаху ведома полная картина происходящего. Изо дня в день нам кажется, что все идет по плану. Но случись, что не так, мы думаем, что произошла ошибка, и не задумываемся о том, что все предначертано Всевышним и имеет смысл.

«Аллаху (Богу, Господу) принадлежит скрытое (неведомое, сокровенное) [невидимое взору, непознанное, необъяснимое] на небесах и на земле. К Нему все вернется [в Судный День]. Поклоняйся Ему и полагайся на Него [делая от себя зависящее]. Господь ведает все, что вы делаете [а потому неустанно работайте над собой: возвышайте помыслы, стремления; знайте, что и ради чего вы делаете; совершенствуйтесь и помогайте другим, пока есть чем помочь]» (Св. Коран, 11:123).

Препятствия являются неизбежной частью нашей жизни, как в буквальном, так и в переносном смысле. В большинстве случаев планирование помогает нам, но не всегда, так как только Аллах приведет вас к тому, где вы действительно должны быть, даже если вы этого не хотите. Вам это может быть неприятно, но Всезнающий мудрее вас и знает, что является большим благом. Заостряйте свое внимание на том, что можете контролировать, и принимайте то, что не в вашей воле.

«Аллах доводит до конца Свое дело. Аллах установил меру для каждой вещи» (65:3).

*Сайда Хайат*



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# АБУ ДАРДААХ ЛАЬЦНА *(Дела реза хуьлда цунна!)*

Абу Дардаъ (Дела реза хуьлда цунна) Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллерчу накъостех ву. Цуьнан шиъ хIусамнана хилла: йоккха Умму Дардаъ, жима Умму Дардаъ.

Йоккха Умму Дардаъ Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь хилла йу, сахьабех а йолуш. Ткъа жима Умму Дардаъ хьалхарниг дIакхелхинчул тIаьхьа йалийна, табиIинех нислуш йу.

Абу Дардаъ сахьабашна йуккъехь а Iилма Iаморца а, оцу Iилманца Iамал, Iибадат дарца а билгалваьлла хилла, дуьне дIатасарехь а, Деле верзарехь а. Къуръан дагахь а Iамийна, иза дика хууш хиларца гIараваьлла хилла а ву. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен умматехь говза, хьекъале, кхетаме, хьикмате верг ву аьлла хастийначех а ву Абу Дардаъ.

Абу Дардаъ цхьаболчу Iеламнаха Бадр гIазот долчу дийнахь бусалба дине веана олу, цхьаболчара жимма тIаьхьо веана а олу. Ансарех уггаре а тIаьхьа дине веанарг ву а олу цхьаболчу Iеламнаха.

Абу Дардаъ ислам дине вале цIушна (жIарашна) Iибадат деш хилла.

Цхьана дийнахь Абу Дардаан нанас кхечанхьа вина ваша веана хилла хIара волчу, шеца Мухьаммад бин Маслам а валош. Оцу хIусамехь дела ву аьлла дIахIоттийна йолу хIуьппIалг (жIар) кагйина, йоха а йой, дIавоьду Абу Дардаан ваша.

Абу Дардаъ шен хIусаме кхаьчча, шен дела ву аьлла дIахIоттийна йолу хIуьппIалг кагйина йайча, шен и хIуьппIалг схьагулйан волало, мохь а бетташ: «дакъаза ма йала хьо, дависарг, хьуо лар хIунда цайира ахь? Хьайна зен хIунда дайтира ахь? Йуха хIунда цатуьйхира ахь уьш?» бохуш.

И сурт ган а гуш, цуьнан тидам беш Iаш йолчу цуьнан хIусамнанас, йоккхачу Умму Дарда а олу:

- Вай, ахь ма-бохху цуо цхьа зен йуха тухуш делахьара, йа кхин пайда тIебохьуш а белахьара, деккъа шена тIедохьуш долу зен йухатухур ма дара цо. Айхьа ойла йехьа цкъа цу белхан!

Ойланашка а волуш олу Абу Дардаа:

- Бакъ ма боху ахь, шена тIедогIуш долу зен йуха тоха ницкъ а ца кхочуш йолчу хIокхо вайна хIун пайда бийр бу, йа вай стенах лардийр ду?!

Хаза духар лолахь суна тIе духа, олий шен хIусамнене, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIеваха сихо йо Абу Дардаа.

Оццул сийлахь, воккха, дика накъост хилла волу Абу Дардаъ бусалба дине варан бахьана, оцу ойлане иза нисвар – шен хIусамнанас ойла самайаккхар, цуьнан беркат хуьлу.

Умматехь йоккха меттиг дIалаьцна волу Абу Дардаъ дине вар йоккхачу Умму Дардаан беркат хилла хIоьттина.




Стаг декъал хиларан бахьана хIусамнана хила тарлуш хилар гойту оцу масало, олу Iеламнаха. Дуьне а, эхарт а стеган декъал хиларан а, дакъаздаларан а бахьана хIусамнана хилар гойту.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ма-аллара: Дуьне иза цхьа «партал» йу. Уггаре а дика «партал» – иза муьтIахь а йолуш, бусалба динехь а йолуш, нийса кхетам а болуш йолу хIусамнана йу.

Дуьненахь уггаре а вочух ду – бусалба динехь а йоцуш (дин лелош йоцуш), хIусамдена муьтIахь а йоцуш, ийман гIийла а долуш йолу хIусамнана хилар.

Абу Дардаъ бусалба дине веанчул тIаьхьа йохка-эцар лелош хилла, иштта Iибадатана чувоьлла а.

Ши болх лелорах гIуллакх хир дац шен, йохка-эцар Iад а йитина, Iибадатана чувола веза ша, аьлла, Iилманна а, Iибадатна а чу воьлла иза.

Цо олуш хилла:

«Уггаре а со кхоьрург, Къемат-Дийнахь хьесап дан ша дIа хIоттийначу хенахь, шега Дала аларна кхоьру ша: «ХIай Абу Дардаъ, ахь Iама ма дира, хьуна хаа ма хаьара, оцу Iилманца хIун Iамал йира ахь?». Дала шега и хаттарна кхоьру ша, цигахь дала жоп хир дац шен аьлла, шен дерриге а дахар Iибадатана дIаделла хилла Абу Дардаа.

Абу Дардаа дуьне дIа муха тесна хилла аьлча, иза Шемахь (Сирехь) Iаш хилла. Iумар (Дела реза хуьлда цунна) халиф волчу хенахь, иза Шема кхочу. Цигара хьал толлуш, сахьабаш болчу чувоьдуш, церан хьоле хьожуш, Абу Дардаъ волчу зерате хIутту. Цуьнан хIусамехь неI йиллина карайо, чохь чиркх ца хуьлу, бодане хуьлу. Шен хIусаме цхьаъ веаний хиъча, Абу Дардаъ дуьхьал а волий, гонах хьаьвза. Iумар леррина тидам бан хIутту Абу Дардаан бахаман, хьолан: гIовланна лелош говрана а, нуьйрана а тIетосуш йолу шаршу го, цуьнан дIавуьжу мотт кегий тIулгаш хуьлу, шелонах ларлуш цо тIетосуш йолу хIума тишделла, зарз доьлла кIади карадо. Цец ваьллачу Iумара олу, Дала Къинхетам биэ хьох, хIай Абу Дардаъ, ас даьхний ца ло-те хьуна, йа со дика ца хьожу-те хьан хьоле, терго ца йо-те? Ма чIогIа гIийла Iаш ву-кх хьо!

— Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша дIакхалхале вайга дина хилла долу къамел дага догIий хьуна, хIай Iумар?

— ХIун къамел дара-те и, хIай Абу Дардаъ?

— Шух хIорамма а гулбеш болу бахам хуьлийла, цхьа кIеззиг дуьненахь хан а йаьккхина, йуха новкъа вала кечлуш волчу некъахочун санна, аьлла вайга Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийцина. Ткъа вай хIун ди-те, хIай Iумар! Ма бац-кх вайн бахамаш цхьа кIезиг хан а йаьккхина, новкъа довла кечделлачу некъахочун бахамаш санна, — элира Абу Дардаа.

Эццахь велха вола велла Iумар, Iуьйра ламазан хан хиллалц саца ца луш вилхира, цуьнца цхьаьна Абу Дардаъ а воьлхуш.

***Исаев IабдуллахIа дуьйцуш дIайаздина Идрисов Ислама, 2024 шеран, лахьанан беттан 30-чу дийнахь***

## ТУРПАПХОЙ

## ЗАГАЕВ АМИР (1942 – 1996)




Глава администрации Веденского района Амир Загаев родился 15 июля 1942 года в селе Дышне-Ведено Веденского района ЧИАССР.

После возвращения на историческую родину Амир поступил в Грозненское педагогическое училище. В 1962 году был призван в ряды Советской армии.

В 1966 году поступил в Чечено-Ингушский государственный пединститут. В том же году Амир женился, стал отцом шестерых детей.

Работал учителем русского языка и литературы в Дышне-Веденской средней школе №1. С 1973 года работал завучем в этой же школе. А через некоторое время Амир был уже старшим преподавателем в Чечено-Ингушском государственном педагогическом институте.

В тяжёлые и смутные для чеченского народа времена был депутатом палаты представителей Народного собрания (Парламента) Чеченской Республики, выступал с резкой критикой религиозного экстремизма.

С 1995 года работал ведущим специалистом в Министерстве по делам национальностей и региональной политики ЧР.

19 июня 1996 года был назначен главой администрации Веденского района. За короткий срок сумел восстановить порядок в разрушенном и опустошённом районе. Бескорыстие и отзывчивость нового руководителя района мешало врагам народа, которые привыкли держать в страхе жителей района. В ночь с 4 на 5 августа 1996 года Амир был захвачен в плен боевиками отряда Шамиля Басаева и увезён в неизвестном направлении.

Утром следующего дня стало известно, что террористы, не добившись от главы администрации согласия на сотрудничество, устроили самосуд и расстреляли его в селении Махкеты.

Подвиги совершаются не по долгу службы, а по зову сердца. Именно так и поступил Амир Загаев.

За мужество и героизм, проявленные при исполнении служебного и гражданского долга, Амиру Загаеву Указом Президента Российской Федерации было присвоено звание Героя Российской Федерации (посмертно).

